



Patnè ki pi enpòtan pou nou yo

Chè Nouyòkè,

Pou lekòl nou yo ka pi bon, nou [dwe etabli konfyans](#) epi pran angajman avèk patnè ki pi enpòtan pou nou yo—fanmi nou yo. Fè volontè nan lekòl pitit ou a se youn nan fason ki gen plis enpak ou ka kolabore avèk nou.

Mwen konnen jan lavi fanmi toujou chaje . Pou rezon sa a, lè m te direktè, mwen te ankouraje paran pou kòmanse nan fè volontè tou piti—pou ede fè yon travay espesifik ki koresponn ak lè y ap depoze elèv la ak lè y ap pase pran l. Premye vizit sa a se yon bon moman pou pale avèk kowòdonatè paran lekòl ou a oswa ak manm estaf yo sou sa ou ta ka ofri.

Lè w fè volontè, menm pou yon ti tan tankou inèdtan, ou ranfòse koneksyon pitit ou a ak lekòl la, epi ou ranfòse kominote lekòl la. [Rechèch montre timoun ki gen paran ki patisipe nan lekòl yo bay pi bon pèfòmans akademik, gen pi bon prezans, epi yo montre ladrès sosyal ak adaptasyon ki amelyore.](#)

Gen kèk opòtinite ki posib nan lekòl ou a ki ka gen ladan ede nan pase san danje nan katye a lè pou rantre ak lè pou ranvwa, prepare yon pwomnad, òganize oswa ede nan bilten nouvèl yon

lekòl, patisipe nan aktivite ki ekspoze travay elèv yo, oswa patisipe nan PTA lekòl la oswa nan lòt gwoup patisipasyon paran.

Tanpri pa bliye vote tou pou manm Konsèy edikasyon pou kominote a ak pou Vil la; sa a se youn nan pi bon fason pou patisipe ak gen yon enpak dirèk sou pwoblèm ki afekte kominote lekòl ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan paran ki poze kandidati pou pòs nan konsèy bò lakay ou a ak nan tout Vil la nan apps.schools.nyc/CECProfiles. Vòt la ap kòmanse 9 me.

Gen anpil fason enpòtan pou fè volontè... epi yo ap apresye anpil nenpòt kantite tan ak sipò ou ka bay. Pou w konnen kòman ou ka patisipe plis, tanpri kontakte direktè lekòl ou a oswa kowòdonatè paran an. Ou ka itilize [Find a School](#) pou jwenn kowòdonatè paran nan lekòl pitit ou a, epi w ka ale sou [sitwèb](#) Bay fanmi kapasite pou aprann lòt fason pou patisipe.

Mèsi poutèt ou fè pati lekòl leta Vil Nouyòk yo. Nou isi a pou mete w an konfyans, epi nou akeyi patnèchip ou a.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Videyo Rezime chak Semèn nou an

Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).